



Orange Township Public Schools

Terri Burns Russo, DLitt

Director for Curriculum & Instruction



Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Superintendent of Schools

Jahmel Drakeford, Supervisor of CTE & Health/PE K-7
Linda Epps, Supervisor, Social Studies 5-12/ Technology Coordinators
Caroline Onyesonwu, Supervisor, Bilingual/ESL & World Languages
Donna Sinisgalli, Ed.D., Supervisor of Visual & Performing Arts

PARENT CONSENT FOR BILINGUAL/ESL PROGRAM

Dat: _____

SID#: _____

Chè Paran/Gadyen:

Pitit ou a te idantifye kòm yon moun ki kalifye pou apran-n angle kòm dezyèm lang, dapre yon ankèt kite mennen lakay yo nan chache konnen timoun ki pale lòt lang lakay ki pa angle. Lè nou konsidere nòt angle ou tès konpetans nan egzamen kite baze sou ide konpetans tès la, epi rekòmandasyon pwofesè yo, nou kontan pou nou infòmè-w ke pitit ou a elijib pou resevwa ansèyman nan Pwogram Bileng distri nou an ak/oswa angle kòm dezyèm lang nan pwogram yo. Objektif pwogram bileng distri a ak/oswa pwogram angle kòm dezyèm lang se pou kapab ede pitit ou a aprann angle epi satisfè laj/ estanda akademik ki byen apwopriye ak klas elèv la appran pandan yap sipòte li nan lang manman-l ak lang angle lap aprann nan. Elève yo patisipe nòmalman nan pwogram bileng nou yo /oswa angle kom dezyèm lang pou yon peryòd de kat a senk ane.

Genyen anpil kritè ki itilize pou pran desizyon konsènan kalifikasyon yo elèv pou benefisye sèvis pworam yo. Kritèsa yo gen ladan:

- Konpetans lang angle- élèv la gen nòt moun ki pat pale angle depi li fèt (NE) oswa ki limite nan lang angle (LE) anba konpetans ide tès (WIDA MODEL), ki se metòd konpetans pou lang nan distri a;
- Pèfòmans nan salklas- Élèv la fè esperyans ak anpil difikilte nan kou yo epi li gen nòt ki piba ke “C”.
- Nivo lekti nan lang angle- Élèv la anreta plis ke yon ane nan nivo lekti.
- Pèfòmans tès nòmal yo- Élèv pa satisfè nivo konpetans ki pi piti nan tès nòmal yo (NJSLA).
- Jijman pwofesé- Rekòmandasyon pwofesé pou antre.

Menm jan an, nan fen ane lekòl la, yo evalye élèv yo pou wè si yo rive gen nivo konpetans ke yo bezwen pou yo soti nan pwogram nan. Kritè yo gen ladan:

:

- Konpetans lang angle- Ke ACCESS evalye pou ELL pwogram yo. Élèv yo dwe satisfè oswa depase nivo konpetans nan (6) rive ak yon nòt nan 4.5 pou élèv nan klas K-12;
- Pèfòmans nan salklas- yo dwe satisfè oswa pi bon nan jan pwofesè a evalye klas la. Nòt élèv la dwe “C” oswa pi bon nan tout matyè
- Nivo lekti nan lang angle- Nivo lekti élèv la pa dwe plis pase yon ane pi ba ke klas li.
- Pèfòmans tès nòmal yo- Élèv la rive fè nòt nivo konpetans minimòm nan tès nòmal yo (NJSLA).
- Jijman pwofesé- Rekòmandasyon pwofesé pou sòti.

Kounyè a, nou ofri lang sèvis sa yo:

- Pwogram Edikasyon Bileng- Se yon pwogram tout jounen kote genyen yon pwofesè bileng ak yon parapwofesyonèl bileng ki anseye élèv yo (Klas Jadendanfan). Pwofesè bileng lan anseye tout matyè yo. Elèv yo patisipe nan jimnastik, atizana, mizik, manje midi ak popilasyon-an an general. Nan pwogram sa a, élèv yo resewa 45- 60 minit ansèyman ESL chak jou nan men yon pwofesè sètifye ki la pou ba yo boustè nan salklas la. Pwogram sa a disponib nan k-3 nan lang panyòl ak kreyòl.
- Angle kòm pwogram yon dezyèm lang- Elèv yo nan yon klas ESL yon sèl lang epi yo resewa ansèyman na men pwofesè ESL sètifye pandan 45- 60 minit chak jou nan salklas la. Gen kèk élèv yo mete deyò pou ansèyman an. Pwogram sa a disponib nan nivo K-12.

Ou ta dwe sonje ke, dapre lwa konsantman paran yo nan New Jersey, ou gen dwa pou revize pwosesis ke yo itilize yo pou yo idantifye élèv ki elijib yo. Dapre menm lwa sa a, ou gen dwa pou asepte ou byen pou rejte sèvis ditri a ofri-w yo.

Si-w ta genyen nenpòt kesyon, enkyetid, e si-w ta vle genyen plis enfòmasyon sou sèvis ki disponib ou byen ki jan pou rejte sèvis pwogram yo ofri-w, ou kapab rele mwen nan (973) 677-4015 ext.6097, oswa ou kapab voye imèl ban mwen nan: onyesoca@mail.orange.k12.nj.us.

Inisyal Plasman: _____ *Plasman Kontinye:* _____

Non élèv la: _____ *Dat Komansman:* _____

Tip Pwogram: _____

Se konpetans ide tès (WIDA MODEL) ke yo te itilize pou evalye nivo konpetans angle pitit ou a.

- Dapre WIDA MODEL, nivo konpetans angle a se: _____

Pwogram ansèyman ke yo itilize pou sipò akizisyon lang pitit ou a se:

Angle kòm yon dezyèm lang (ESL): _____

Edikasyon Bileng (a plen tan): _____

Siyati Paran an: _____

Dat Reyinyon: _____

Siyati Sipèvizè a: _____

Siyati a: _____

Cc: Direktè 1

Direktè 2

Pwogram Bileng/Fichye ESL